

**NINGKATAKEN AKTIVITAS SISWA LAN PRESTASI MAOS WACANA
AKSARA JAWI NGGINAKAKEN MODEL KOOPERATIF TIPE MAKE A
MATCH ING KELAS X MIPA 1 SMA NEGERI 1 SAPURAN, WONOSOBO
SEMESTER II TAHUN PELAJARAN 2014/2015**

TESIS

**Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister
Program Studi Magister Pendidikan Bahasa**



Kaanggit dening :

Triana Kanthi Wati

13PSC01576

**PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN
2015**

PASARUJUKAN


Ningkatakan Aktivitas Siswa lan Prestasi Maos Wacana Aksara Jawi
Ngginakaken Model Kooperatif Tipe *Make A Match* Ing Kelas X MIPA 1
SMA Negeri 1 Sapuran, Wonosobo Semester II Tahun Pelajaran 2014/2015

Kaanggit dening :

NAMA : Triana Kanthi Wati

NIM : 13PSC01576

Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong :

	Tapak Asta	Tanggal
Pamong 1		1/10 2015
<u>Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.</u> NIP. 19600412 198901 1 001
Pamong 2		1/10 2015
<u>Dr. Hersulastuti, M.Hum.</u> NIP. 19650421 198703 2 002

Kauningan

Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa




Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP. 19600412 198901 1 001




PANGESAHAN

Ningkataken Prestasi Maos Wacana Aksara Jawi Ngginakaken Model Kooperatif
Tipe *Make A Match* Siswa Kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran, Wonosobo
Semester II Tahun Pelajaran 2014/2015

Kaanggit dening :

NAMA : Triana Kanthi Wati
NIM : 13PSC01576

Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Panguji:

Jabatan	Nama	Tapak Asma
Pangarsa	Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd. NIK 690 115 345	
Panitra	Dr. Iswan Riyadi, M.M. NIP 19600401 198611 1 001	
Panguji I	Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. NIP 19600412 198901 1 001	
Panguji II	Dr. Hersulastuti, M.Hum. NIP 19650421 198703 2 002	



Direktur Program Pascasarjana

Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd.
NIK 690 115 345

Kauningan,

Ketua Program Studi

Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP 19600412 198901 1 001

PRATELA

Ingkang tapak asma ing ngandhap punika, kula :

NAMA : Triana Kanthi Wati

NIM : 13PSC01576

Mratelakaken kanthi sayektosipun bilih *tesis* ingkang irah-irahanipun “Ningkataken Aktivitas Siswa lan Prestasi Maos Wacana Aksara Jawi Ngginakaken Model Kooperatif Tipe *Make A Match* Ing Kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran, Wonosobo Semester II Tahun Pelajaran 2014/2015” menika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting *tesis* punika dipunsukani tandha *sitasi* lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula menika mboten leres, kula sagah nampi *sanksi akademik* arupi dipuncabutipun *tesis* lan gelar saking *tesis* kasebat.

Klaten, September 2015

Pengetahuan Damel Pratela



METERAI
TEMPEL
6000
ENAM RIBU RUPIAH

8AC85ADF32338164

Triana Kanthi Wati
NIM : 13PSC01576

MOTTO

**“Ngelmu Kang Nyata, Karya Reseping Ati. Ngudi Laku Utama
Kanthi Sentosa ing Budhi”**

Perbuatan yang benar, akan bisa membuat hati kita bakal senang,
berusaha berbuat baik dengan hati yang sentosa.

(Anonim)

“Giri Lusi Janma Tan Kena Kinira, Kudhi Pacul Singa Landhepa”

Orang tidak boleh terlalu mengukur kekuatan orang lain, sebab bagaimanapun
kemampuan orang beda-beda. Karena itu bila ada persaingan untuk suatu
kedudukan, Hanya yang berprestasilah yang berhasil.

(Anonim)

“Sura Dira Jaya ningrat, Lebur Dening Pangastuti”

Segala Sifat Keras Hati, Picik, Angkara Murka, Hanya Bisa dikalahkan dengan
Sikap Bijak, Lembut Hati dan Sabar.

(Kitab Pustaka Raja Purwa, Ronggowarsito)

PISUNGSUNG

Tesis punika kula pisungsungaken dhumateng :

Bojo kula *Rinto Budi Santosa* lan anak kula *Acintya Arindratanaya* lan *Gyrindra Aichellyn* ingkang tansah asung panjurung.

ATUR PANGLANTAR

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Allah Pangeran Inggang Maha Kawasa, karena lubering sih kanugrahan inggang agung satemah panaliti saged nyekapaken tesis inggang irah-irahanipun “Ningkataken Aktivitas Siswa lan Prestasi Maos Wacana Aksara Jawi Ngginakaken Model Kooperatif Tipe *Make A Match* Ing Kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran, Wonosobo Semester II Tahun Pelajaran 2014/2015”. Tesis punika karakit minangka salah satunggaling syarat kangge nggayuh drajat Magister Pendidikan Program Studi Megister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten.

Karena tesis menika sampun cekap, panganggit ngaturaken agunging panuwun inggang tanpa pepindhan dhumateng:

1. Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd, Rektor Universitas Widya Dharma (Unwidha) Klaten inggang sampun paring fasilitas.
2. Prof. Dr. Herman Johannes Waluyo, M.Pd., Direktur Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten, inggang sampun ngeparengaken panganggit nindakaken panaliten.
3. Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum., Ketua Program Studi Megister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, saha minangka dosen Pamomong 1 inggang sampun paring pangarah dalah panuntun ugi panjurung saklebetipun nyekapaken panganggiting tesis menika.
4. Dr. Hersulastuti, M.Hum., minangka dosen Pamomong 2 inggang sampun nuntun kanthi sabar lan tlaten.

5. Drs. Karyono, M.M., Kepala SMA Negeri 1 Sapuran, Kabupaten Wonosobo, ingkang sampun paring idi palilah panaliti ngawontenaken panaliten ing sekolah ingkang dipunpangarsani.
6. Sedaya pihak ingkang boten saged panaliti sebataken satunggal baka satunggal ingkang sampun paring panyengkuyung awujud menapa kemawon satemah tesis menika saged kacekapaken.

Panaliti sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis menika, ewa semanten panaliti jejer titah sawantah mboten uwal saking kekirangan. Ingkang menika panyaruwe saking para kadang pamaos tansah panaliti antu-antu.

Klaten, September 2015

Panaliti

DAFTAR ISI

PASARUJUKAN	i
PANGESAHAN	ii
PRATELA	iii
MOTTO	iv
PISUNGSUNG	v
ATUR PANGLANTAR	vi
DHAFTAR ISI	viii
DHAFTAR GAMBAR	xii
DHAFTAR TABEL	xiii
DHAFTAR LAMPIRAN	xiv
SARIPATHI	xvi
ABSTRAK	xvii
<i>ABSTRACT</i>	xviii

BAB I	PURWAKA	1
	A. Lelarahaning Prakawis	1
	B. Identifikasi Perkawis	5
	C. Wewatesaning Perkawis	6
	D. Rumusaning Perkawis	8
	E. Ancas Panaliten	9
	F. Mumpangating Panaliten	9
BAB II	LANDHESAN TEORI	11
	A. Landhesan Teori	11
	1. Prestasi Sinau	11
	2. Maos Wacana	32
	3. Maos Wacana Aksara Jawi	39
	4. Aktivitas Sinau Siswa	39
	5. Model Pasinaon Kooperatif (<i>Cooperatif Learning</i>)	42
	6. Model Pasinaon Tipe <i>Make A Match</i> (Madosi Pasangan)	45
	7. Pasinaon Bahasa Jawa SMA	49
	B. Panaliten Ingkang Gayut	52
	C. Cengkoronganing Pamikir	61
	D. Hipotesis Tindakan	64

BAB III	METODE PANALITEN	65
	A. Wujud Lan Pendekatan Panaliten	65
	B. Setting Panaliten	67
	C. Subjek Panaliten	69
	D. Sumbering Dhata	69
	E. Teknik lan Piranti Ngempalaken Dhata	70
	F. Validitas Dhata	75
	G. Teknik Analisis Dhata	76
	H. Indikator Panaliten	80
	I. Prosedur Panaliten	81
BAB IV	PIKANTUKIPUN DHATA SAHA PANGONCEKIPUN	86
	A. Deskripsi Kondisi Awal	86
	B. Deskripsi Saben Siklus	88
	1. Deskripsi Siklus I	88
	2. Deskripsi Siklus II	97
	C. Pembahasan Saben lan Antar Siklus	106
	1. Pembahasan Saben Siklus	106
	2. Pembahasan Antar Siklus	121
	D. Asiling Panaliten	126

BAB V PANUTUP	128
A. Dudutan	128
B. Implikasi	129
C. Saran	130
KAPUSTAKAN	132
LAMPIRAN	135

DHAFTAR GAMBAR

1.	Gambar Skema Cengkorongan Panaliten	63
2.	Gambar Diagram Siklus Panaliten Tindakan	66
3.	Gambar Cyclical AR Model Based on Kemmis and Mc Taggart	82
4.	Gambar Grafik Rata-rata lan Ketuntasan Sinau antar Siklus	123
5.	Gambar Grafik Presentase Aktivitas Siswa antar Siklus	125
6.	Gambar 1. Guru Nerangaken Pasinaon model <i>Make A Match</i>	231
7.	Gambar 2. Guru Mbagiaken Kartu Pitakonon-Wangsulan kangge Para Siswa	231
8.	Gambar 3. Aktivitas Para Siswa Madosi Pasangan Kartu ingkang Pas lan cocok saking siswa sanes	232
9.	Gambar 4. Para Siswa ingkang sampun nemokkaken Pasangan Kartu ingkang pas lan Cocok saking siswa sanes, nemplekkaken wonten <i>white board</i>	232
10.	Gambar 5. Aktivitas Siswa Mresentasikaken Kartu Pitakonon-Wangsulan kanthi sareng-sareng kalian sisiwa Pasanganipun	233
11.	Gambar 6. Guru nindakkaken evaluasi Presentasi Kartu Pitakonon- Wangsulan saking Siswa	233
12.	Gambar 7 . Guru Nindakkaken evaluasi Presentasi Kartu Pitakonon- Wangsulan Siswa ingkang taksih kelentu dipun leresaken	234
13.	Gambar 8 . Guru mbagiaken pitakenan Tes Formatif	234
14.	Gambar 9. Kagiyatan siswa nalika nindakkaken nggarap pitakenan Tes Formatif	235
15.	Gambar 10. Wawanrembag kaliyan siswa ngengingi pasinaon kooperatif <i>make a mach</i> materi wacana aksara Jawa	236

DHAFTAR TABEL

1.	Tabel Jadwal Panaliten	68
2.	Tabel Kriteria Ketuntasan Belajar	79
3.	Tabel Prestasi Sinau Siswa Siklus I	106
4.	Tabel Asiling Observasi Guru Siklus I	107
5.	Tabel Asiling Observasi Aktivitas Sinau Siswa ing Siklus I	112
6.	Tabel Prestasi Sinau Siswa Siklus II	114
7.	Tabel Asiling Observasi Guru Siklus II	115
8.	Tabel Asiling Observasi Aktivitas Sinau Siswa ing Siklus II	119
9.	Tabel Prestasi Sinau Siswa Antar Siklus	122
10.	Tabel Keaktifan Siswa Antar Siklus	124

DHAFTAR LAMPIRAN

1. Permohonan Ijin Penelitian	135
2. Surat Ijin Melakukan Penelitian	136
3. Surat Keterangan Melakukan Penelitian.....	137
4. Silabus Pembelajaran.....	138
5. Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)	141
6. Soal Prasiklus, Kunci Jawaban, dan Penilaian	150
7. Tuladha Wangsulan Siswa saking Pitakonan Prasiklus	152
8. Daftar Rekapitulasi Nilai Evaluasi PraSiklus	153
9. Analisis Butir Soal	154
10. Perencanaan Perbaikan Pembelajaran Siklus I	155
11. Rencana Perbaikan Pembelajaran (RPP) Siklus I	157
12. Media Kartu Siklus I	170
13. Tes Formatif Siklus I, Kunci Jawaban, dan Penilaian	175
14. Tuladha Wangsulan Siswa saking Soal Tes Formatif Siklus I.....	179
15. Analisis Nilai Siklus I	180
16. Lembar Observasi Aktivitas Guru	181
17. Lembar Observasi Aktivitas Siswa	182
18. Asiling Observasi Aktivitas Guru Siklus I	183
19. Aktivitas Siswa Sakdangunipun Pasinaon Siklus I	186
20. Point <i>Make A Match</i> Siklus I	189
21. Daftar Hadir Siswa Siklus I	192

22.	Refleksi Siklus I	193
23.	Pedhoman Wawanrembag	194
24.	Rencana Perbaikan Pembelajaran (RPP) Siklus II	195
25.	Media Kartu Siklus II	208
26.	Tes Formatif Siklus II, Kunci Jawaban, dan Penilaian	213
27.	Tuladha Wangsulan Siswa saking Soal Tes Formatif Siklus II	217
28.	Analisis Nilai Siklus II	218
29.	Asiling Observasi Aktivitas Guru Siklus II	219
30.	Aktivitas Siswa Sakdangunipun Pasinaon Siklus II	222
31.	Point <i>Make A Match</i> Siklus II	225
32.	Daftar Hadir Siswa Siklus II	228
33.	Refleksi Siklus II	229
34.	Dokumentasi foto kegiatan pembelajaran	230

SARI PATHI

Triana Kanthiwati, 13PSC01576, 2015, Ningkataken Aktivitas Siswa lan Prestasi Maos Wacana Aksara Jawi Ngginakaken Model Kooperatif Tipe *Make A Match* Siswa Kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran, Wonosobo Semester II, Tahun Pelajaran 2014/2015, Tesis : Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

Mangertos saha prigel mangertosi aksara Jawi kangge siswa ageng sanget paedahipun, kados ingkang sampun dipunamanataken wonten saklebetipun kurikulum 2013 muatan lokal bahasa Jawa, supados saget dados idhentitas lan jati dhirinipun daerah. Perkawis punika ingkang dados dhasaripun panaliten punika inggih, saking 24 siswa kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran, Wonosobo semester II tahun pelajaran 2014/2015 ing piwulangan materi maos wacana ngginakkaken aksara Jawi prestasi asiling sinau siswa taksih dereng kados ingkang dipuntemtoaken. Namung 42% siswa ingkang bijinipun sampun jangkepi KKM (Kriteria Ketuntasan Minimal) 70. Ewadene target ketuntasan ingkang badhe dipuntemtoaken inggih 75%. Pramila punika badhe dipunwontenaken *perbaikan* saklebetipun pasinaon kangge ningkataken aktivitas lan prestasi maos aksara Jawi siswa kanthi nindakaken panaliten kangge mangsuli rumusan perkawis: punapa model kooperatif *make a match* saget ningkataken aktivitas sinau siswa lan prestasi maos wacana aksara Jawi siswa kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran Wonosobo ing Semester II Tahun Pelajaran 2014/2015.

Ancas panaliten punika kangge mangertosi aktivitas siswa nalika nerapaken model kooperatif *tipe make a match* lan punapa model *make a match* saget ningkataken prestasi maos wacana aksara Jawi siswa kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran Wonosobo. Panaliten punika ngginakkaken metode Penelitian Tindakan Kelas (*Classroom Action Research*) ngginakkaken 2 siklus punika siklus I lan siklus II ing saben siklus kaperang dados 3 pepanggihan. Siklus I katindakaken tanggal 30 Maret, 6, lan 13 April 2015 ewadene siklus II katindakaken tanggal 27 April, 4, lan 11 Mei 2015.

Asil saksampunipun katindakaken remidi/evaluasi pasinaon siklus I prestasi aktivitas siswa 59,50% kagolong aktivitas siswa cukup sae lan ing Siklus II ningkat dumugi 98,00%, pramula wonten mriki wonten indak-indakan aktivitas sinau siswa agengipun 38,5%. Saklajengipun ugi wontenopun peningkatan prestasi maos wacana ingkang ngginakkaken aksara Jawi saking pra siklus 58,33%, ing siklus I dados 79,17% lan ing Siklus II dumugi 95,83%, dados wonten mriki sampun wonten indak-indakan prestasi sinau siswa agengipun 37,5%. Kanthi wontenipun asil ingkang mekaten panyerat maringi dudulan lan pambiji sampun njangkepi target ketuntasan 75% ingkang sampun dipuntetepaken.

Dudutan saking panaliten punika inggih kanthi nindakaken Model Kooperatif *Tipe Make A Match* saget ningkataken aktivitas lan prestasi sinau maos wacana aksara Jawi siswa kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran, Wonosobo semester II tahun pelajaran 2014/2015.

Kata kunci: Aktivitas, Prestasi, Maos Wacana Aksara Jawi, Model Kooperatif *Tipe Make A Match*

ABSTRAK

Triana Kanthi Wati, 13PSC01576, 2015, Meningkatkan Aktivitas Siswa dan Prestasi Membaca Wacana Beraksara Jawa Menggunakan Model Kooperatif *Tipe Make A Match* Siswa Kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran, Wonosobo Semester II, Tahun Pelajaran 2014/2015, Tesis: Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

Penguasaan aksara Jawa bagi siswa sangat penting, sesuai dengan yang diamanatkan dalam struktur kurikulum 2013 muatan lokal bahasa Jawa, supaya bisa menjadi identitas dan jatidiri daerah. Hal yang melatarbelakangi penelitian ini adalah, dari 24 siswa kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran, Wonosobo semester II tahun pelajaran 2014/2015 pada pembelajaran materi membaca wacana berhuruf Jawa prestasi hasil belajar siswa masih belum sesuai dengan yang diharapkan. Hanya 42% siswa yang nilainya sesuai dengan KKM (Kriteria Ketuntasan Minimal) 70. Sedangkan target ketuntasan yang ingin capai adalah 75%. Karena itu diadakan perbaikan dalam proses pembelajaran untuk meningkatkan aktivitas dan prestasi membaca wacana berhuruf Jawa dengan melakukan penelitian, untuk menjawab rumusan masalah apakah penerapan model kooperatif *tipe make a match* dapat meningkatkan aktivitas belajar dan prestasi membaca wacana berhuruf Jawa siswa kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran Wonosobo pada Semester II Tahun Pelajaran 2014/2015.

Tujuan penelitian adalah mengetahui aktivitas siswa dalam menerapkan model kooperatif *tipe make a match* dan apakah model *make a match* dapat meningkatkan prestasi membaca wacana berhuruf Jawa siswa kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran Wonosobo. Penelitian ini menggunakan metode Penelitian Tindakan Kelas (*Classroom Action Research*), yang dilakukan dalam 2 siklus yaitu siklus I dan siklus II yang masing-masing terdiri dari 3 pertemuan. Siklus I dilaksanakan tanggal 30 Maret, 6, dan 13 April 2015 sedangkan siklus II dilaksanakan tanggal 27 April, 4, dan 11 Mei 2015.

Adapun hasil setelah dilaksanakan perbaikan pembelajaran siklus I persentase aktivitas siswa 59,50% dengan kategori aktivitas siswa cukup baik, dan pada siklus II menjadi 98,00%, jadi terjadi peningkatan aktivitas belajar siswa sebesar 38,5%. Selanjutnya juga ditemui peningkatan prestasi membaca wacana berhuruf Jawa dari kondisi pra siklus 58,33%, di siklus I menjadi 79,17%, dan pada siklus II mencapai 95,83%, jadi telah terjadi peningkatan prestasi belajar siswa sebesar 37,5%. Dengan adanya hasil yang demikian penulis menilai penelitian telah memenuhi target ketuntasan 75% yang telah ditetapkan.

Simpulan dari penelitian adalah dengan menerapkan Model Kooperatif *Tipe Make A Match* dapat meningkatkan aktivitas dan prestasi belajar membaca wacana berhuruf Jawa siswa kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran semester II tahun pelajaran 2014/2015.

Kata kunci: Aktivitas, Prestasi, Membaca Wacana Berhuruf Jawa, Model Kooperatif *Tipe Make A Match*

ABSTRACT

Triana Kanthi Wati, 13PSC01576, 2015, Improve Student Activities and Reading Achievement Discourse Lettered Java Using Cooperative Model Type Make A Match Class X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran, Wonosobo Semester II, Academic Year 2014/2015, Thesis: Graduate University of Widya Dharma Klaten

Mastering Java script is very important for students, as mandated in 2013 local content curriculum structure of the Java language, so that it could be the identity and the characteristic of the area. The background of this research is, the achievement of reading Java script material of the 24 students of class X MIPA1 SMA Negeri 1 Sapuran, Wonosobo, second semester 2014/2015 academic year are still not as expected. It was found that only 42% of students who passed the passing grade/KKM (Minimum Completeness Criteria) 70. While the target of completeness should be achieved is 75%. Because of that reason, it is needed to hold an improvement in the learning process to improve activity and the reading achievement of discourse Java script among the students by doing this research, to answer the problem formulation is whether the type of cooperative models make a match can increase the activity of learning and achievement reading achievement Java script class X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran Wonosobo in the second semester academic year 2014/2015.

The research objective was to student activity in applying of cooperative models make a match and to know whether make a match model can improve reading achievement of Java script class X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran Wonosobo. This study uses a Classroom Action Research. It is conducted in two cycles, the first cycle and the second cycle. Each consists of 3 meetings. Cycle I was held on March 30, 6, and 13 April 2015, while the second cycle executed on April 27, 4, and May 11 2015.

The results after the first cycle of learning implemented improvement percentage of student activity 59,50 % to the category of student activity is quite good, and the second cycle into 98.00 %, so an increase in activity of 38.5 % of student learning. Furthermore, it also found an increase in reading achievement Java lettered discourse of pre-cycle condition of 58.33 %, in the first cycle to 79.17 %, and the second cycle reaches 95.83 %, so there has been increasing student achievement of 37.5 %. Based on the result the researcher conclude that it has fulfilled the target of completeness 75%.

The conclusions of the study is to apply the Cooperative Model Type Make A Match can increase the activity and learning achievement reading lettered discourse Java class X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran the second semester of the school year 2014/2015.

Keywords: Activity, Achievement, Reading Java script, Cooperative Model Type Make A Match

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahaning Prakawis

Mulok Bahasa Jawi adhedhasar Kurikulum 2013 nggadahi ancas supados pasarta dhidhik nggadahi kompetensi kados ingkang sampun dipun-temtokaken wonten salebetipun kurikulum. Wondene ancasipun antawisipun (1) njagi, nguri-uri saha nglestantunaken basa, sastra, tuwin aksara Jawi supados saget dados idhentitas lan jati dhirinipun daerah; (2) nyarasaken utawi nyamektakaken ginanipun utawi ancasipun bahasa, sastra, saha aksara Jawi saklebetipun pagesangan wonten masyarakat ingkang saget samekta kaliyan pembinaan bahasa Indonesia; (3) mangertosi biji-biji estetika, etika utawi unggah-ungguh patrap ingkang sae, moral, saha spiritual ingkang kakandhut saklebetipun kabudayan Jawi kangge nyamektakaken pembinaan saha ngrembakakaken kabudayan nasional; lan (4) ngembangaken saha ngginakaken basa, sastra, saha aksara Jawi ingkang saget ndadosaken sarana kangge ndhidhik karakter lan budi pakarti (Kerangka Dasar dan Struktur Program Kurikulum 2013 Muatan Lokal Basa Jawi, 2014: iv).

Saking ancasipun kurikulum ing inggil kita saget mundhut dudutanipun amargi sejatosipun materi pasinaon wonten piwulangan basa, sastra, saha aksara Jawi. Perkawis ingkang awrat lan dipunsuwun saget dados lumantaring kangge para siswa supados saget sareng-sareng njagi, nglestantunaken, ngrembakaaken lan ndayagunakaken pembinaan ugi ngrembakanipun kabudayan nasional.

Ngrembakanipun kabudayan nasional saget mlampah kanthi sukses utawi gagalipun niat punika temtu sanget dipunbetahaken katrampilan saha kawasisanipun guru utawi dwija anggenipun nglampahaken proses pasinaonan wonten kelas.

Aspek proses pasinaon Kurikulum 2013 Muatan Lokal Basa Jawi (2014: iii) dipunjangkepi kalian sampurnanipun pola pikir, ingkang tumuju wontenipun perkawis kadosta: (1) piwucalan ingkang musataken wonten pasarta dhidhik; (2) piwucalan ingkang aktif; (3) piwucalan ingkang ngginakaken pasinaon jejaring; (4) piwucalan ingkang ngginakaken pasinaon aktif kanthi ngginaaken pendekatan sains; (5) piwucalan ingkang ngginakaken pasinaon berbasis tim; (6) piwucalan saha pasinaon ngginakaken piranti alat tunggal ingkang berbasis alat multimedia; (7) piwucalan ingkang ngginakaken kabetahanipun pasarta dhidhik; (8) ngginakaken pasinaon ilmu pengetahuan jamak (*multidisciplines*); lajeng (9) piwucalan pasif ndadosaken piwucalan ingkang kritis.

Adhedasar wontenipun tujuan pola pikir piwucalan Muatan Lokal Basa Jawi wonten nginggil, saenipun para guru utawi kedah sami miwiti ngginakaken saha ngetrepaken prosedur wonten saklebetipun piwucalan Kurikulum 2013 kasebut. Emanipun wonten kasunyatan, asring para guru taksih ngginakaken model pasinaon ingkang asipat verbalis, sekedhik praktik kanthi ngginakaken pola piwucalan ingkang dipundominasi para guru punika piyambak (*teacher center*), babagan punika kapanggihaken wonten saklebetipun proses piwucalan saha pasinaon basa Jawi wonten SMA Negeri 1

Sapuran. Dwija utawi gurunipun taksih dominan ngginakaken metode ceramah, saengga minat utawi karemenan pasinaon siswa dados kirang saha asilipun prestasi pasinaon ugi andhap.

Andhapipun karemenan para siswa tumrap pasinaon basa Jawi punika saget dipuntingali saking asilipun biji siswa utawi pasarta dhidhik kelas X MIPA 1. Saksampunipun ndherek saha nglampahi pasinaonan ngginakaken metode informasi/ceramah namung sakedhik siswa ingkang aktif saklebetipun pasinaonan. Bab menika ugi saget dipuntingali saking ekspresi siswa ingkang kirang remen saha kirang antusias.

Kirangipun pitakenan saha wangsulan saking guru saksampunipun maringaken bahan ajar utawi materi, ningalaken patrap saha sikep ingkang boten remen. Saklebetipun ngayahi pasinaonan basa Jawi para siswa katingal boten remen saha kirang saget nampi materi pasinaon, boten wantun/ajrih, saha boten nggadahi sikep kendel (*percaya diri*) ndadosaken ketuntasan kompetensi pasinaon basa Jawi para siswa taksih kirang utawi rendah.

Asilipun pretes maos wacana Aksara Jawi siswa kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran, saking 24 siswa kanthi KKM ingkang sampun ditetepaken guru inggih puniko 70, nembe wonten 10 siswa (42%) pikantuk biji ingkang sami utawi langkung inggil saking KKM, 14 siswa (58%) pikantuk biji langkung andap saking KKM (Pirsani lampiran kaca 141). Asil punika nedahaken bilih kompetensi dasar maos wacana aksara Jawi taksih kagolong kirang/andhap.

Dhata ingkang dipunkempalaken saking asilipun wawancara dhumateng siswa kelas X MIPA 1 kabuktekaken menawi anggenipun nyinau kompetensi maos aksara Jawi siswa kedah saget mangertosi saha nguasani kalih katrampilan. Wujudipun maos wacana ingkang ngginakaken aksara Jawi ngginakaken tulisan latin, saha maos aksara Jawi kanthi ngginakaken aksara Jawi. Supadhos siswa saget trampil maos wacana ingkang ngginakaken aksara lan basa Jawi kedah asring nyinau lan mangertosi basa tuwin aksara Jawi.

Kanthi kasunyatan punika, pramila kompetensi maos wacana aksara Jawi siswa kedah pikantuk kawigatosan. Kajawi punika ugi dipunupadi supados guru saget maringi solusi kangge ningkataken kompetensi siswa. Kangge mbudidaya ningkataken prestasi maos wacana aksara Jawi siswa kelas X MIPA 1 badhe dipunginakaken model pasinaon kooperatif tipe *make a match*.

Model pasinaon kooperatif boten perkawis enggal tumrap para guru. Model pasinaon kooperatif punika salah setunggalipun model pasinaon ingkang ngutamaaken wontenipun kagiyatan kelompok. Saben siswa ingkang mlebet wonten ing kelompok nggadahi kaprigelan ingkang benten-benten (inggil, madya lan andhap) lan malah wonten anggota kelompok saget saking ras, budaya, suku ingkang benten saha nggatosaken sanget wontenipun *kesetaraan jender*. Model pasinaon kooperatif ngutamaaken *kerja sama* sakdangunipun nyeleseaken wontenipun perkawis kangge nerapaken *pengetahuan* lan katrampilan ingkang tujuwanipun nerapaken pasinaon.

Perkawis punika kados engkang dipunandaraken dening Anita Lie (2003:27), menawi model pasinaon kooperatif adedasar falsafah *homo homini socius*, falsafah punika nengenaken menawi manungsa punika mahluk sosial. Ewadene miturut Ibrahim (2000:2) model pasinaon kooperatif punika model pasinaon ingkang saget paring pambiyantu dateng para siswa kangge nyinaoni isi akademik lan hubungan sosial.

Salah setunnggalipun jinis saking pasinaon kooperatif punika tipe *make a match*, miturut Suyatno (2009 : 72) model *make and match* punika model pasinaon ingkang nuntut guru nyumadyaaken kartu ingkang wosipun daftar pitakonan lan wangsulan saklajengipun sisiwa madosi pasangan kartunipun. Model *make a match* ageng sanget mupangatipun lan saget migunani kangge nggladhi siswa supados nggadahi patrap sosial ingkang sae lan nggladi kawasisanipun para siswa sakdangunipun kerja kelompok lan saget nggladi siswa ing babagan *berfikir cepat* (Lie, 2003: 30). Model pasinaon kooperatif tipe *make a match* nggadahi ancas: 1) saget nyiptakaken suasana pasinaonan aktif; 2) piwulangan ingkang diparingaken siswa langkung ngremenaken; 3) saget ningkataken asil ingkang sae/tuntas kanthi cara klasikal.

Adhedasar kawontenan ingkang sampun kasebat ing ngajeng, paneliti badhe ngawontenaken panaliten ingkang asesirah: “Ningkataken Aktivitas Siswa lan Prestasi Maos Wacana Aksara Jawi Ngginakaken Model Kooperatif Tipe *Make A Match* Ing Kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran, Wonosobo Semester II Tahun Pelajaran 2014/2015”.

Wonten ing pungkasan panaliten punika, siswa dipun suwun saget ningkataken kompetensi dhasar maos wacana ingkang ngginakaken aksara Jawi, Siswa saget mindhak indikatoripun inggih punika langkung saking 75% utawi langkung saking 18 siswa nggadahi biji kanthi kriteri sae. Pramila guru dipun suwun saget ngginakaken metode pasinaon kooperatif model *Make a Match* saklebetipun piwucalan saha pasinaon adhedasar inovasi pasinaon.

B. Identifikasi Prakawis

Adhedasar lelarahing prakawis saget dipun tingali saking prakawisipun ingkang ngandharaken sakkathahing prakawis kados ingkang sampun kababar ing nginggil panci namung badhe muspra, Awit saking menika prakawis ingkang dipun andharaken ing nginggil perlu dipunjentrehaken saha dipuntandhesaken kanthi cara dipuntintingi. Adhedasar lelarahaning prakawis ingkang sampun dipunaturaken ing nginggil saged dipuntintingi prakawis-prakawis ingkang wonten gandheng cenengipun kaliyan pasinaon maos paragraf aksara Jawi kados ing ngandhap menika.

1. Guru taksih kirang mangertosi makna saha ancas tujuanipun kompetensi ingkang dipun garisaken saklebetipun struktur kurikulum muatan bahasa Jawi kangge tingkat SMA/SMK.
2. Guru dereng saestu nglampahaken proses pasinaon ingkang adedasar prosedur pasinaon kurikulum 2013 (5M inggih punika: *Mengamati, Menanya, Menalar, Mencoba, dan Membuat Jejaring*) kanthi cara konsisten. Wondene sebabipun guru taksih asring ngginakaken proses

pasinaon ingkang punjeranipun guru (*teacher center*). Model punika nggadahi sifat *verbalistik* saha namung sekedhik maringaken kasempatan kangge siswa nyinaoni kanthi cara mandiri, diskusi, saha praktik. Babagan punika ingkang njalari kemampuan siswa rendah.

3. Kirang aktivitasipun siswa anggenipun nyinaoni piwulang basa Jawi. Wekdal ingkangdipun paringaken guru kangge asung pitaken boten dipunmanfaataken siswa, saha wontenipun ekspresi siwa ingkang ngetingalaken boten remen, lan kirang paham anggenipun nampi piwucalan
4. Siswa kirang prigel saklebetipun mraktekaken kompetensi maos wacana ngginakaken aksara Jawi.
5. Prestasi utawi asilipun sinau siswa saklebetipun kompetensi wacana aksara Jawi kirang. Bab punika dipun wujudaken kalian pencapaian asilipun ingkang rendah.

C. Wewatesaning Prakawis

Panaliti mboten badhe ngandharaken sedaya prakawis ingkang sampun dipunidhidentifikasi kados ing nginggil. Awit saking menika panaliti perlu netepaken wewatesaning perkawis.

Panaliti namung bandhe munjeraken prakawis ingkang gayut kalian topik wonten ngandhap punika:

1. Panaliten punika amung katindakaken kangge materi pasinaon basa Jawi kompetensi maos wacana aksara Jawi wonten kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran Semester II tahun Pelajaran 2014/2015.

2. Saklebetipun panaliten punika badhe ngginakaken media *pasinaon power point* ngginakaken piranti LCD kangge njlentrehaken kompetensi dasar, tujuan pasinaon, lan skenario pasinaon ingkang karonce wiwit saking materi pasinaon wacana aksara, gambar-gambar, lan ugi peta konsep/ronce awujud bakalan.
3. Wujud power point ingkang dipundamel saklebetipun panaliten punika namung dipunpundhut mupangatipun minangka media sarana/alat bantu pasinaon lan boten kedah dipunevaluasi asilipun.
4. Sasaran utawi target panaliten punika dipun arahaken namung kangge siswa Kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran Semester II Tahun Pelajaran 2014/2015.

D. Rumusaning Prakawis

Adhedhasar wewatesaning prakawis ing perangan nginggil, prakawis prelu dipunrumusaken kanthi saestu murih lampahing panaliten dados cetha saha *sistemik*. Wondene rumusaning prakawis Penelitian Tindakan Kelas ing panaliten punika makaten :

1. Menapa model kooperatif tipe *Make a Match* saget ningkataken aktivitas siswa kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran Semester II Tahun Pelajaran 2014/2015 wonten ing pasinaon maos wacana aksara Jawi ?
2. Menapa model Kooperatif Tipe *Make a Match* saget ningkataken prestasi maos wacana aksara Jawi siswa kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran ?

E. Ancaspun Panaliten

Satunggaling panaliten nggadahi tujuwan kangge ngrampungaken prakawis saengga asilipun ngremenaken jumbuh kaliyan ingkang dipungadhang. Supados arah panaliten menika cetha, runtut, pramila perlu dipunaturaken ancas tujuwanipun kanthi cetha. Adhedhasar rumusaning prakawis, nggadahi tujuwan inggih punika :

1. Kangge mangertosi aktivitas siswa wekdal nindakaken pasinaon ngginakaken model Kooperatif Tipe *Make A Match* Siswa Kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran Semester II Tahun Pelajaran 2014/2015 wonten ing maos wacana aksara Jawi.
2. Kangge mangertosi bilih model Kooperatif Tipe *Make a Match* saget ningkataken prestasi maos wacana aksara Jawi siswa kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran.

F. Mumpangating Panaliten

Asiling panaliten menika dipunajab saget mumpangati dhateng para-para ingkang kersa maos asiling panaliten menika, mupangat mliginipun inggih menika:

1. Mumpangat Teoritis
 - a. Saget dados bahan bakalan minangka punjering ingkang saget ningkataken aktivitas lan prestasi siswa anggenipun maos wacana aksara Jawi.

- b. Dados sarana pamikiran kangge panaliti saklajengipun, saget kangge panaliti piyambak utawi panaliti sanesipun.

2. Mumpangat Praktis

a. Kangge siswa:

- 1) Mangertosi caranipun mraktekaken pasinaon ngginakaken model pasinaon kooperatif tipe *Make a Match*.
- 2) Ningkataken aktivitas lan prestasi siswa anggenipun maos wacana aksara Jawi.

b. Kangge guru

- 1) Ningkataken profesionalisme guru anggenipun ngayahi tugas lan kuwajiban kagiatan proses pasinaoan.
- 2) Ningkataken katrampilan saha kaprigelan guru anggenipun nerapaken model pasinaon kooperatif tipe *Make a Match*.

c. Kangge sekolah

- 1) Saget dados sarana kangge ningkataken kinerja guru.
- 2) Kangge sarana ningkataken kualitas pengelolaan pengajaran.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adedasar pangoncekiipun dhata ing saklebetipun panaliten, saget dipunsimpulaken:

1. Aktivitas siswa wonten siklus I pikantuk dhata persentase 59,50% kanthi kriteria aktivitas siswa cukup sae. Ing siklus I, siswa sampun nggatosaken katerangan guru kanthi sae namung kemawon siswa dereng wantun mundhut pirsu dateng guru ngengngi materi ingkang dereng dipunmangertosi. Siswa ugi kirang saget ngomunikasiaken pamanggihipun saklebeting kelompok. Taksih kathah siswa ingkang boten damel ringkesan pasinaon. Saklajengipun aktivitas siswa wonten siklus II pikantuk dhata persentase 98,00% kanthi kriteria aktivitas siswa sae sanget. Wonten siklus II, siswa sampun nggatosaken katerangan guru kanthi sae, wantun ngaturaken pitakenan dumateng guru ngengngi materi ingkang dereng dipun mangertosi. Siswa ugi saget ngomunikasiaken pamanggihipun wonten kelompok. Siswa damel ringkesan pasinaon. Dasos saged dipun terangaken wontenipun peningkatan aktivitas sinau siswa saking siklus I ing siklus II agengipun 38,5%.
2. Adedasar asilipun panaliten ingkang sampun katindakaken sakdangunipun kalih siklus saget dipunpundhut dudutan menawi model piwulangan *make a match* saget ningkataken prestasi sinau ing mata piwulangan basa Jawi

kompetensi dhasar wacana aksara Jawi wonten siswa Kelas X MIPA 1 SMA Negeri 1 Sapuran. Saget dipunsimpulaken saking perkawis punika kabukten saking pra siklus ketuntasan sinau 58,33%, ing siklus I subyek panaliten pikantuk prestasi sinau 79,17% kanthi kategori sae, saklajengipun saget minggah ing siklus II dumugi 95,83% kanthi kategori sae. Dhata kasebut nerangaken wontenipun indak-indakan saking pra siklus dumugi siklus II wonten peningkatan prestasi sinau siswa agengipun 37,5%.

B. Implikasi

Asilipun saking panaliten punika inggih Penelitian Tindakan Kelas (PTK), inggih punika ningkataken prestasi sinau siswa ngginakaken penerapan piwulangan kooperatif tipe *Make a Match*. wonten saperangan perkawis ingkang prelu dipun beberaken saking asiling panaliten PTK niki inggih punika kados mekaten:

1. Penerapan model piwulangan kooperatif tipe *make a match* wonten piwulangan basa Jawi kabukten ampuh kangge ningkataken aktivitas lan prestasi sinau siswa kompetensi dasar wacana aksara Jawi.
2. Piwulangan basa Jawi ingkang ngginakaken model kooperatif tipe *make a match* kedah wonten lembar kagiyatan guru lan lembar kagiyatan siswa ingkang dipunrancang kanthi sae kangge ngukur aktivitas guru lan siswa.
3. Ngginakaken model kooperatif tipe *make a match*, dipunsuwun guru saget ningkataken prestasi sinau, nuwuhaken semangat saha siswa saget langsung praktik kanthi cara aktif lan saget nyiptaaken piwulangan

ingkang langkung interaktif lan efektif kangge nyiptaaken tujuan pembelajaran.

C. Saran

Adhedasar asiling panaliten ingkang panyerat tindakaken saksampunipun nindakaken panaliten punika, wonten saperangan panyaruwe ingkang saget dipun arep-arep saget migunani kangge kasaenan nalika ngginakaken model piwulangan kooperatif tipe *make a match* wonten saklebetipun pasinaon basa Jawi kompetensi dasar wacana aksara Jawi ing wekdal ingkang saklajengipun inggih punika :

1. Kangge guru ingkang badhe nindakaken piwulangan, prayoginipun sakderengipun damel Rencana Pelaksanaan Pembelajaran kanthi nggatosaken: materi ingkang badhe dipunparingaken, karakteristik siswa, nemtoaken strategi lan model piwulangan ingkang leres lan saget dukung asilipun tujuan piwulangan.
2. Saklebetipun nerapaken model piwulangan *make a match* wonten piwulangan basa Jawi guru kedah asring nyobi lan damel rencana piwulangan ingkang saget damel nuwuhaken motivasi siswa kangge ningkataken sinau.
3. Prayoganipun saklebetipun piwulangan, guru nyobi ngginakaken modhel piwulangan *Make a Match* amargi: a) saget ningkataken prestasi sinau siswa saklebetipun nyinauni piwulangan basa Jawi kompetensi dasar wacana aksara Jawi; b) ningkataken aktivitas siswa; c) ningkataken

pangertosan siswa ngengingi materi pasinaon; d) ningkataken profesionalisme guru sakdangunipun nindakaken KBM; e) ningkataken katerampilan guru saklebetipun nerapaken manekawarna model piwulangan; f) ningkataken kinerja guru lan pengelolaan piwulangan; g) pikantuk seserepan serta ilmu pengetahuan mangertosi piwulangan ingkang saget ndadosaken siswa langkung aktif lan interaktif.

KAPUSTAKAN

- Afandi M. 2011. *Cara Efektif Menulis Karya Ilmiah Seting Penelitian Tindakan Kelas Pendidikan Dasar dan Umum*. Bandung: Alfabeta
- Arikunto, Suharsimi. 2011. *Dasar-Dasar Evaluasi Pembelajaran*. Jakarta: Bumi Aksara
- Lie, Anita. 2002. *Cooperative Learning. Mempraktikkan Cooperative Learning di Ruang-Ruang Kelas*. Jakarta: PT. Grasindo
- Basrowi, dkk. 2008. *Manajemen Penelitian Tindakan Kelas*. Jakarta: Insan Cendekia
- Burns, Anne. 2010. *Doing Action Research in English Language Teaching (A Guide for Practitioners)*. New York and London: Routledge.
- Chaer, Abdul. 2002. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT.Rineka Cipta.
- Darusuprpta, dkk. 1995. *Pedoman Penulisan Aksara Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusatama.
- Depdikbud, 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta : Balai Pustaka.
- Dimiyati, Mahmud. 1989 . *Psikologi Pendidikan*. Jakarta: Depdikbud
- Djamarah, Syaiful Bahri. 1994. *Prestasi Belajar dan kompetensi Guru*. Surabaya: Usaha Nasional.
- Farida Rahim. 2007. *Pengajaran Membaca di Sekolah Dasar (Edisi Kedua)*, Jakarta: Bumi Aksara
- Hamalik, Oemar. 2003. *Metode Belajar dan Kesulitan-kesulitan Belajar*. Bandung: Tarsito
- Huda, Miftahul. 2013. *Model-model Pengajaran dan Pembelajaran*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Henry Guntur, Tarigan. 1986. *Membaca sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Huda, Miftahul. 2013. *Model-model Pengajaran dan Pembelajaran*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

- Ibrahim, H. Muslimin. 2000. *Pembelajaran Kooperatif*. Surabaya: University Press.
- Kridalaksana, Harimurti. 1984. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia
- McNiff, Jean. 1992. *ActionResearch: Principles and Practice*. London: Routledge.
- Roestiyah. N.K. 1989. *Strategi Belajar Mengajar*. Jakarta: Bina Aksara.
- Purwanto. 2004. *Psikologi Pendidikan*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Rusman. 2010. *Model-model Pembelajaran Mengembangkan Profesionalisme Guru*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Rusminto, N.E. 2009. *Analisis Wacana Bahasa Indonesia*. (Buku Ajar). Bandarlampung: FKIP Universitas Lampung.
- Riduwan. 2006. *Metode dan Teknik Menyusun Tesis*. Bandung : Alfabeta
- Melvin, L Sibermen. 2012. *Active Learning: 101 Cara Belajar Siswa Aktif*. Bandung: Nuansa.
- Muhibbin Syah. 2003. *Psikologi Belajar*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Nurkancana. 2005. *Evaluasi Hasil Belajar Mengajar*. Surabaya: Usaha Nasional.
- Wina Sanjaya. 2006. *Strategi Pembelajaran Berorientasi Standar Proses Pendidikan*. Jakarta: Kencana Prenada Media Group.
- Sardiman. 2012. *Interaksi & Motivasi Belajar Mengajar*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada
- Sudjana Nana. 2011. *Dasar-Dasar Proses Belajar Mengajar*. Bandung: Sinar Baru Algensindo.
- Suprijono, Agus. 2009. *Cooperative Learning*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Slameto. 2003. *Belajar dan Faktor-Faktor yang Mempengaruhinya*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Sudaryat, Yayat. 2009. *Makna dalam Wacana*. Bandung: Yrama Widya.
- Soedarso. 1989. *Sistem Membaca Cepat dan Efektif*. Jakarta: PT Gramedia.

- Sugiyono. 2013. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta,
- Sunendar, Dadang. 2008. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Sudijono, Anas. 2006. *Pengantar Evaluasi Pendidikan*. Jakarta : PT. Raja Grafindo Persada.
- Suyatno. 2009. *Menjelajah Pembelajaran Inovatif*. Surabaya: Masmmedia Buana Pustaka.
- Tim Penyusun Kamus Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa. 1988. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Dapertemen Pendidikan dan Kebudayaan RI.
- Tim PLPG Unnes. 2011. *Pendidikan dan Latihan Profesi Guru (PLPG) Sertifikasi Guru dalam Jabatan*. Semarang: Unnes.
- Tim Penyusun Kurikulum Mulok Basa Jawi SMA/SMK/MA. 2013. *Kurikulum Mulok Basa Jawi SMA/SMK/MA*. Semarang: Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa Tengah
- Tukiran T, dkk. 2011. *Model-model Pembelajaran Inovatif*. Bandung: Alfabeta.
- Wiriyodijoyo, Suwaryono. 1989. *Membaca: Strategi Pengantar Dan Tekniknya*. Jakarta: Depdikbud.